



## **Kesyon Moun Poze Souvan konsènan Tablo Dezyèm Pri Plan Nivo Ajan ki pi Bon Mache an**

Kesyon Moun Poze Souvan sa yo se sèlman pou benefisyè 1095-A yo ki te enskri nan plan sante san èd finansyè epi ki bezwen idantifye SLCSP yo nan Tablo SLCSP chak mwa a.

- 1. Mwen te enskri nan yon plan sante an fevriye 2017 epi lè mwen te marye an jen 2017 mwen te ajoute mari/madanm mwen nan plan sante mwen. Nou youn pa te gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Ki Kalite Fanmi Pwoteksyon nou genyen?**

Si ou marye, kalite Pwoteksyon Fanmi ou ap chanje mwa ou te ajoute mari/madanm ou nan plan ou an. Pou egzanp, si ou te marye 17 jen epi ou te ajoute mari/madanm ou nan plan ou kòmanse an jiyè, nou Kalite Fanmi Pwoteksyon ou an ap kòmanse an jiyè. Pou mwa fevriye, mas, avril, me ak jen, Kalite Fanmi Pwoteksyon ou se “Endividylè”. Kòmanse an jiyè, Kalite Pwoteksyon Fanmi ou se “Koup.”

Si ou pa t ajoute mari/madanm ou nan plan ou a jiska mwa dawout, se jis nan mwa dawout Kalite Fanmi Pwoteksyon ou ap chanje.

- 2. Avan nou te marye, mwen menm ak moun mwen ansanm ak li a te enskri nan asirans nou an nan mwa fevriye. Nou te marye nan mwa jiyè epi nou te rete enskri nan menm plan sante a. Nou youn pa gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Ki Kalite Fanmi Pwoteksyon nou genyen?**

Kalite Fanmi Pwoteksyon an baze sou sitiyasyon ou nan premye jou mwa a.

Pou mwa fevriye jiska jiyè, oumenm ak moun ou ansanm ak li a nou chak gen Kalite Fanmi Pwoteksyon “Endividylè”. Apatide mwa dawout ak pi devan, Kalite Fanmi Pwoteksyon nou se “koup.” Paske moun ki ansanm men men ki pa marye yo pa ka deklare taks ansanm, ou menm ak moun sa a gen fanmi taks separe epi yo konsidere nou kòm fanmi pwoteksyon apa. Chak nan ou pral gade nan kolòn “Endividylè” nan tablo SLCSP a.

- 3. Mwen menm ak mari/madanm mwen te enskri nan yon plan sante an mas 2017 epi nou te divòse an septanm 2017. Nou youn pa te gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Ki Kalite Fanmi Pwoteksyon mwen genyen?**

Si ou divòse epi ou retire ansyen mari/madanm ou nan asirans ou a, Kalite Fanmi Pwoteksyon ou ap chanje apatide mwa ansyen mari/madanm ou a pa nan kontra asirans ou a ankò. Pa egzanp, si mwa septanm se dènye mwa mari/madanm ou nan plan ou a, apatide mas jiska septanm, Kalite Fanmi Pwoteksyon ou se “Koup.” Apatide oktòb ak pi devan, Kalite Fanmi Pwoteksyon ou se “Endividylè.”

Si ou te divòse epi ou pa t retire ansyen mari/madanm ou nan asirans ou a, tanpri al gade nan Fòm 8962 pou enstriksyon yo. Pa blye mete kont NYState of Health ou ajou pandan ane a si ou gen chanjman nan revni ou oswa lòt sikontans.

4. **Mwen menm ak mari/madanm mwen te enskri nan yon plan sante an mas 2017. Nan mwa dawout 2017, nou te fè yon tibebe epi nou te ajoute li nan plan sante nou nan mwa sa a. Nou youn pa te gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Ki Kalite Fanmi Pwoteksyon nou genyen?**

Ou mwa kote se sèlman ou menm ak mari/madanm ou ki te enskri yo, Kalite Fanmi Pwoteksyon nou se “Koup”. Pou mwa kote nou toulètwa te enskri nan asirans la, Kalite Fanmi Pwoteksyon ou vin “Koup + Timoun”. Nan egzant sa a, Kalite Fanmi Pwoteksyon an se “Koup” pou mwa mas jiska jiyè epi li vin “Koup + Timoun pou mwa dawout ak pi devan.

Si ptit ou a pa te gen pwoteksyon jiska mwa septanm, se jis nan mwa septanm Kalite Fanmi Pwoteksyon ou ap chanje.

5. **Kat (4) ptit mwen yo enskri nan plan sante an 2017 nan NY State of Health san èd finansyè. Yo pa gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Pa gen okenn lòt moun nan kay la ki enskri nan NY State of Health. Ki kolòn mwen dwe itilize pou kalkile Kredi nan Taks pou Prim mwen an?**

Premyèman, idantifye kote ptit ou yo te abite chak mwa. Apresa, chèche montan prim chak mwa pou “Timoun Sèlman” pou konte sa a. Militiplier montan sa a pa 4 pou kalkile pri Plan Ajan ki Koute Mwen Chè an Dezyèm nan (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP) pou tout 4 timoun yo.

6. **Mwen se sèl moun nan fanmi mwen ki enskri nan yon plan sante nan NY State of Health nan mwa fevriye 2017 epi mwen pa gen okenn lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. An jiyè 2017, mwen te kite Konte Albany pou al viv nan Konte Franklin. Kouman pou mwen jwenn bon prim SLCSP chak mwa a?**

Kalite Fanmi Pwoteksyon an baze sou kote ou t ap viv nan premye jou mwa a epi natirèlman prim SLCSP a pral chanje mwa apre ou demenaje a. Premyèman, gade prim SLCSP pou Kalite Fanmi Pwoteksyon pou Endividyle yo. Apresa gade prim SLCSP pou Konte Albany pou mwa fevriye jiska jiyè. Pou mwa dawout ak pi devan, itilize prim SLCSP pou Konte Franklin.

7. **Mari/madanm mwen, de (2) ptit nou yo, ak mwen menm enskri nan yon plan sante avèk NY State of Health. Mwen menm ak mari/madanm mwen ap viv nan Konte Dutchess. Ptit nou yo ale nan invèsite nan Konte Hamilton. Ki konte pou nou gade pou prim SLCSP nou an?**

Si moun prensipal k ap deklare taks la enskri, nou dwe itilize SLCSP pou konte moun prensipal k ap deklare taks la ki anplas pou kote li abite a. Nan senaryo sa a, paran yo se

moun prensipal k ap deklare taks yo epi yo ta dwe itilize prim SLCSP pou Konte Dutchess.

**8. De (2) pitit nou yo ap enskri nan yon plan sante atravè NY State of Health, men mwen pa enskri mwen menm. M ap viv nan Konte Dutchess epi pitit mwen yo ale nan inivèsite nan Konte Hamilton. Ki konte mwen sipoze itilize pou prim SLCSP pa yo?**

Nan senaryo sa a li menm, moun prensipal k ap deklare taks la (paran an) pa enskri nan yon plan sante, SLCSP a se adres rezidansyèl manm prensipal plan an. Nan ka sa a, prim SLCSP ta dwe prim pou kèlkeswa kote konte timoun yo itilize kòm adres rezidansyèl prensipal yo chak mwa.

**9. Mwen menm ak madanm mwen enskri nan yon plan sante avèk NY State of Health san èd finansyè an janvye. Nan mwa jen, madanm mwen te jwenn Medicare Pati A men li te kenbe plan NY State of Health li a. Ki Kalite Fanmi Pwoteksyon nou genyen?**

Pou mwa yo nou toulède te enskri nan yon plan NY State of Health epi ni ou menm ni madanm ou pa te gen Medicare, ki se lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm la, Kalite Fanmi Pwoteksyon an ou se “Koup”.

Pou mwa yo nou toulède te enskri nan yon plan NY State of Health epi madanm ou te gen Medicare, Pati A, Kalite Fanmi Pwoteksyon an ou se “Endividiyèl” paske yo konsidere Medicare Pati A kòm Pwoteksyon Esansyèl Minimòm.

**10. Mwen menm ak mari/madanm mwen te refize pwoteksyon asirans sante nan travay mwen epi nou te enskri nan yon plan sante ak NY State of Health. Ki Kalite Fanmi Pwoteksyon nou genyen?**

Nan senaryo sa a, Kalite Pwoteksyon Fanmi ou a ap depann sou si Asirans Travay ou Finanse (Employer Sponsored Insurance, ESI) te nan yon pri abòdab ak si li te ofri Valè Minimòm. Si ESI a pa te nan yon pri abòdab oswa li pa t bay Valè Minimòm, Kalite Pwoteksyon Fanmi ou a se koup. Si ESI ou te nan yon pri abòdab oswa li te ofri Valè Minimòm, ou pa kalifye pou PTC a.

Pou detèmine si pwoteksyon ou te nan yon pri abòdab oswa te ofri Valè Minimòm, tanpri konsilte konseye taks ou oswa gade nan Kesyon 8 ak 9 IRS yo sou Kredi nan Taks pou Prim <http://www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families/Questions-and-Answers-on-the-Premium-Tax-Credit>.

**11. Mwen menm ak mari/madanm mwen deklare yon pitit nou ki majè kòm yon depandan. Nou tout nou enskri nan plan sante apa nan NY State of Health. Ki Kalite Fanmi Pwoteksyon nou genyen?**

Kalite Fanmi Pwoteksyon nou se “Koup + Timoun”.

**12. Mwen enskri nan yon plan sante nan NY State of Health. Madanm mwen enskri nan Medicaid. Ki Kalite Fanmi Pwoteksyon mwen genyen?**

Kalite Fanmi Pwoteksyon ou se “Endividyèl”.

**13. Poukisa mwen menm ak moun mwen plase ansanm ak li men nou pa marye a gen fanmi pwoteksyon ki apa.**

Paske moun ki plase ansanm avèk mwen men ki pa marye yo pa ka deklare taks ansanm, ou menm ak moun sa a gen fanmi taks separe epi yo konsidere nou kòm fanmi pwoteksyon separe. Chak nan ou pral gade nan kolòn “Endividyèl” sou tablo SLCSP a.

**14. Mwen bezwen sèvi ak tablo SLCSP chak mwa a pou idantifye prim SLCSP mwen an. Mwen konnen ki moun ki te gen pwoteksyon nan asirans mwen an, men mwen pa konnen kiyès nan moun sa yo ki fè pati fanmi taks mwen an.**

Pou w ka detèmine ki moun nan fanmi ou ki gen pwoteksyon, ou dwe detèmine fanmi taks ou a avan. IRS defini “fanmi taks” nan enstriksyon pou Fòm 8962 yo. Si ou gen plis kesyon konsènan ki moun ki nan fanmi taks ou, tanpri ale sou sitwèb [www.irs.gov](http://www.irs.gov) oswa konsilte avèk konseye taks ou.

**15. Mwen pa te resevwa èd finansye pou ede peye pwoteksyon asirans sante mwen. Kijan m ap fè konnen ki tablo SLCSP pou mwen itilize pou ranpli Fòm 8962?**

Itilize Tablo I si ou pa te gen okenn pitit ki depandan taks nan ane 2017, oswa pitit depandan te gen pi piti pase 26 zan. Itilize Tablo II si ou te gen pitit ki depandan taks ki gen ant 26 ak 29 lane an 2017.

**16. Poukisa gen tablo apa si mwen gen yon pitit ki depandan taks ki pokon 26 zan nan asirans ou a ou pa?**

Laj pitit ou ki depandan taks la detèmine ki SLCSP ki te disponib nan konte ou a pou ou ak fanmi pou, epi se poutèt sa, yo dwe itilize li pou kalkile kredi nan taks ou a.